

Konnen dwa w lè yon pèseptè dèt rele

Lè yon pèseptè dèt rele—oswa voye yo imèl oswa yon mesaj pa tèks pou ou, oswa kontakte ou pase pa medya sosyal—pi bon repons ou se konfwonte sityasyon an san detou.

Premye ensten w ka kache oswa inyore sityasyon an epi espere ke li ale. Men, sa ka fè bagay yo vin pi mal.

Premyèman, asire w ke pèseptè dèt la ak dèt la yo lejitim

Chache konnen:

- Avèk ki moun w'ap pale ak (jwenn non moun lan)
- Non konpayi koleksyon dèt la
- Adrès konpayi an ak nimewo telefòn

Mande pèseptè dèt la pou:

- Kantite lajan w dwe a
- Non moun oswa òganizasyon lajan an dwe a
- Ki jan w ka diskite dèt la oswa verifye dèt la se pou ou

Si pèseptè dèt la pa di w enfòmasyon sa a premye fwa li kontakte w, mande enfòmasyon an alekri. Li se yon bon lide ou ka resevwa avi sa a ekri anvan w dakò pou peye pèseptè a dèt la oswa eseye negosye.

Arasman ak desepsyon yo legal

Lwa sou pratik Dèt Koleksyon san Patipri di ke moun ki kolekte dèt pa ka anmède w, oprime w, fè w abi, oswa twonpe w oswa nenpòt lòt moun yo kontakte.

Pa egzanp, pèseptè dèt yo pa kapab:

- Rele w anvan 8 a.m. oswa apre 9 p.m., an jeneral
- Plede ap rele ou toutan
- Fè apèl nan telefòn repete ki gen entansyon anbete, abize, oswa anmède ou menm oswa nenpòt moun ki reponn telefòn lan
- Mete mesaj sou kont medya sosyal ou sou dèt ou a (yo gen dwa voye mesaj prive pou ou si moun ki voye mesaj la di ou li se yon pèseptè dèt)
- Sèvi ak langaj obsèn oswa sal
- Fè menas vyolans oswa mal
- Bay manti sou kantite lajan w dwe a
- Twonpe w pou kolekte lajan, pa egzanp lè yo pretann yo se ofisye lapolis oswa lè yo di yo pral arete w si w pa peye dèt ou
- Pibliye lis moun ki refize peye dèt yo (sa pa enkli rapò sou enfòmasyon bay yon konpayi rapò sou kredi)
- Pale avèk ou san yo pa di ou yo se yon pèseptè dèt, oswa itilize yon non konpayi fo

Dezyèmman, idantifye dèt la

Si w rekonèt dèt la

Ou ka kontakte pèseptè dèt la epi eseye travay sou yon plan ranbousman ki fè sans pou ou.

Menm si yon dèt se pou ou, ou toujou gen dwa pa pale ak pèseptè dèt la epi ou ka di pèseptè dèt la sispann kontakte w. Sepandan, di yon pèseptè dèt la yo sispann kontakte w pa sispann pèseptè dèt la oswa kreditè sèvi ak lòt fason legal pou kolekte dèt la nan men w, si w dwe li. Pa egzanp, yo ka antame yon pwosè kont w oswa rapòte enfòmasyon negatif yon konpayi rapò sou kredi.

Si dèt la gen plizyè ane

Anvan w fè yon pèman oswa dakò ak yon plan pèman pou yon dèt ki fin vye, chèche konnen ki sa lwa a di nan limit pou antame yon pwosè kont kolekte dèt la. Tan limit legal la ka aplike, epi aprè limit ou ta ka kapab diskite ke kreyansye a oswa pèseptè dèt entèdi nan kòmanse yon pwosè kont ou. Ou ka vle konsilte yon avoka oswa lwa ki aplikab yo.

Si w pa rekonèt dèt la

Ekri epi diskite tout oswa yon pati nan dèt la, ki vle di w vle pèseptè dèt la voye ba ou verifikasyon dèt la, ki gen ladan konbyen lajan w dwe ak prèw ke dèt la se pou ou.

Ou ka mande pèseptè dèt la pou bay non ak adrès kreditè orijinal la, si yo transfere dèt la bay yon lòt konpayi k ap sèvi ak yon pèseptè dèt pou kontakte ou.

Si w toujou ap diskite dèt la

Après w fin resevwa verifikasyon an, ou ka ekri pèseptè dèt la pou di yo dèt la toujou diskite.

Si w pa vle negosye dèt la, Lè sa a, ekri pèseptè dèt la ke w pa vle yo kontakte w

Ankòpou sa. Kenbe nan tèt ou ke pèseptè dèt la oswa kreditè a ka toujou sèvi ak lòt fason legal pou kolekte dèt la..

Twazyèmman, kenbe lèt ou yo ak mesaj ou yo

Kenbe nenpòt lèt oswa mesaj ou resevwa, epi fè kopi nenpòt lèt oswa mesaj ou voye, nan ka w bezwen diskite pwoblèm lan pita.

Repons ak lèt echantiyon CFPB yo

Nan consumerfinance.gov/consumer-tools/debt-collection ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa w, lèt echantiyon w ka itilize pou reponn a yon pèseptè dèt, tèm kle, ak repons a kesyon komen.

Depoze yon plent

Ou gen yon pwoblèm avèk yon pwodwi oswa sèvis finansye? N'ap transfere plent ou a bay konpayi an epi travay pou w jwenn yon repons—jeneralman dis 15 jou.



Sou entènèt

consumerfinance.gov/complaint



Pa telefòn (plis pase 180 lang)

L-V, 8 a.m. - 8 p.m. lè lès

(855) 411-CFPB (2372)

(855) 729-CFPB (2372) TTY/TDD



Pa lapòs

P.O. Box 27170

Washington, DC 20038



Consumer Financial
Protection Bureau